SEYANS 5

W.K. KELLOGG FOUNDATION

Règleman Sou Fason Pou W Pran Kontak Ak Medya Yo

Yon entèvyou pa yon konvèsasyon

- Mache tou pare.
- Prepare w pou fè mesaj ou a pase anndan an.
- Pa ret tann pou yo poze w kesyon.
- Sèvi ak okazyon sa a pou w fè piblisite pou travay w ap fè a.
- Sèvi ak repons ou yo pou w mennen konvèsasyon an jan w vle.

Se pa kesyon an, se repons lan.

- Gen gwo chans pou lektè yo/piblik la/oditè yo potko janm tande oswa wè kesyon an.
- Se ou menm ki gen kontwòl sa w ap di ak sa w pap di.
- Se pa jounalis la, se odyans lan.
- Objektif ou se rive sou lektè yo, oditè ak piblik la.

Ou ka di “Mwen pa konnen”

- Bay detay solid epi pa devine oswa voye monte. Ou ka toujou voye yo al gade sit entènèt ou a oswa fè suivi avè yo apre sa.

Pa janm di “m pa p fè kòmantè sou sa”

- Toujou gen yon bagay ou ka di.







Si w pa vle yo repete sa w di, di yon bagay ki pa twò enpòtan.

- “Ki pa ofisyèl”, se yon enfòmasyon apa ou bay yon jounalis e l pa fèt pou l pibliye l.
- Met nan tèt ou chak jounalis ka konprann sa a yon fason diferan.
- Donk, pito w toujou bay enfòmasyon “ki ofisyèl.”

“Anonim” vle di jounalis la ka pibliye enfòmasyon w bay la san l pa bay non w oswa mansyone òganizasyon w lan

- Menm si w bay jounalis la enfòmasyon “anonim,” l ap difisil pou yo pibliye l si yo pa ka bay non w oswa bay kot enfòmasyon an soti.

Se pou w konn dwa w

- Ou gen dwa pou w konnen kiyès k ap fè entèvyou a avè w ak rezon ki fè y ap fè repòtaj sou sijè a.
- Ou gen dwa pou w poze kesyon.
- Ou gen dwa pou w pran tan pou w prepare w.
- Ou gen dwa pou w rekòmanse.
- Ou gen dwa pou w poze kesyon epi byen gade deklarasyon yo anvan yo enprime yo.
- Ou PA gen dwa pou w gade yon repòtaj anvan l pibliye.
- Ou PA gen dwa pou w chanje yon bagay ou fin di (menm si w rekòmanse).